

Yon gid pou fanmi elèv ki gen andikap

APESI SOU LEKOL LA

Elèv ki gen andikap patisipe nan pwosesis Admisyon nan lekòl segondè menm jan avèk kamarad klas yo ki pa gen andikap. Desizyon sa a aplike pou tout elèv ki gen yon plan endividyèl pou edikasyon *Individualized Education Program* (IEP) ki rekòmande pou yo patisipe nan pwogram nan yon anviwònman lekòl kominotè. Yo mete elèv yo rekòmande pou lekòl segondè nan yon pwogram espesyalize Distri 75 oswa nan yon pwogram lekòl prive Eta Nouyòk apwouve ki ofri elèv ki gen andikap sèvis, nan lekòl atravè yon pwosesis apa.

Elèv ki gen andikap sipoze ranpli menm kondisyon kalifikasyon avèk elèv ki pa gen andikap, yo ka aplike nan tout lekòl ak/oswa pwogram ki nan Anyè lekòl segondè leta nan Vil Nouyòk. Elèv ki gen andikap ka pran Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize *Specialized High Schools Admissions Test* (SHSAT), epi yo ka aplike pou tout pwogram odisyon, tankou *Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts*, ki se yon lekòl segondè espesyalize pou etidye art pèfòmans/Art vizyèl.

KONPAREZON ANT SEVIS NAN LEKOL SEGONDE AK SEVIS NAN LEKOL PRESEGONDE

Nan nivo lekòl segondè, elèv ka jwenn yon melanj diferan modèl sèvis pou diferan matyè. Elèv ki nan klas Edikasyon jeneral eksepte lè yo bezwen plis sipò ke yo pa ka jwenn nan salklas Edikasyon jeneral. Y ap dekri enfòmasyon sa a nan IEP pitit ou a. Elèv k ap resevwa ansèyman entegre yon gwoup pwofesè k ap travay ansanm *Integrated Co-Teaching* (ICT) oswa sèvis klas espesyal pa objije swiv klas ansanm pou chak peryòd nan jounen an.

Li enpòtan pou w panse osijè objektif pitit ou a apre klas segondè ak tip diplòm li espere pran. Nan IEP a yo dwe endike sipò ak sèvis Edikasyon espesyal ke elèv la bezwen pou l atenn objektif li vize pou l pran diplòm li a. Epitou, li enpòtan pou w sonje ke patisipasyon pitit ou a nan kourikoulòm Edikasyon jeneral la ak patisipasyon l nan egzamen Eta yo gen konsekans sou diplòm pitit ou a vize pran an. Elèv ki gen andikap dwe satisfè kritè Eta Nouyòk tabli pou pran yon diplòm (Al gade pi ba a).

TRANZISYON POU SOTI NAN DISTRI 75 POU ALE NAN LEKOL SEGONDE KOMINOTE

Gen elèv ki nan lekòl presegondè Distri 75 k ap prepare pou fè tranzisyon pou ale nan yon lekòl segondè kominotè. Elèv sa yo dwe patisipe nan pwosesis Admisyon lekòl segondè a. Men, anvan elèv sa yo ale nan lekòl segondè kominotè a, y ap bezwen gen yon reyinyon IEP pou mete sou pye yon nouvo IEP ki rekòmande sèvis Edikasyon espesyal nan yon lekòl segondè kominotè. Li enpòtan pou w pale avèk sikològ lekòl la, tout pwofesè pitit ou a, ak tout ekip IEP a pou decide si yon pwogram lekòl kominotè apwopriye pou pitit ou a.

BEZWEN ONIVO PWOGAM DISTRI 75 ELEV LA AP KONTINYE GENYEN

Elèv nan pwogram lekòl presegondè Distri 75 ki bezwen rete nan yon pwogram Distri 75 pa patisipe nan Pwosesis Admisyon lekòl segondè. Lekòl Distri 75 yo ye a avize yo konsènan kote yo prale nan klas segondè nan mwa Me oswa Jen. Elèv nan pwogram *inclusion* Distri 75 k ap rete nan pwogram *inclusion* Distri 75 yo ap patisipe nan yon pwosesis aplikasyon Distri 75 fè pou pwogram *inclusion* lekòl segondè. Lekòl Distri 75 yo ap bay elèv aplikasyon ke yo dwe remèt an Desanm. Y ap avize w osijè lekòl yo mete pitit ou a nan kòmansman Prentan.

PWOSIS ADMISYON NAN LEKOL SEGONDE POU ELEV KI GEN YON IEP

Aplikasyon elèv la gen ladan enfòmasyon konsènan sèvis Edikasyon espesyal l ap resevwa ansanm ak ransèyman sou prezans elèv la lekòl nan klas 7yèm ane, nòt li nan egzamen ofisyèl Lekti ak Matematik, epi nòt li pran pou matyè klas li yo.

Ou ka chèche jwenn plis enfòmasyon sou pwogram ak sèvis ki disponib nan kèk lekòl atravè konseye pedagogik pitit ou a, Anyè lekòl segondè, epi lè w ale nan fwa lekòl segondè yo ak semènè pou paran. Koòdonatè paran, direktè, aistan direktè, *open house* lekòl yo òganize ak sit wèb DOE a ka bay tou enfòmasyon itil.

Elèv ki gen andikap ka aplike nan nenpòt lekòl segondè, epi lekòl yo sipoze mete anplas sipò ki flksib onivo Edikasyon espesyal pou tout elèv yo voye nan yon lekòl. Tout modèl sèvis yo ofri (paegzanp Klas espesyal) ka pa disponib nan tout lekòl yo. Depi yo aksepte yon elèv nan yon lekòl segondè, komite IEP nan lekòl la ka fè yon reyinyon nan espas 30 jou apati premye jou elèv la rantre lekòl la, pou mete sou pye yon IEP k ap rekòmande yon modèl prestasyon sèvis ki pou satisfè bezwen pitit ou a pou edikasyon espesyal nan lekòl sa a.

KONDISYON POU PRAN DIPLOM LAN

Ou ta dwe kòmanse diskite avèk pitit ou a osijè objektif li pou lekòl segondè ak sèvis edikasyon espesyal li bezwen pandan revizyon anyèl yo pandan l nan lekòl presegondè. IEP pitit ou a dwe gen ladan l objektif apwopriye apre lekòl segondè depi laj 15 lane oswa pi piti (si sa apwopriye). Lè sa a, ou dwe konsidere tou epi diskite avèk moun nan pèsonek lekòl la konsènan tip diplòm pitit ou a ka pran, ki ka yonn nan diplòm sa yo :

Tip diplòm	Kondisyon	Opsyon apre lekòl segondè
Regents Avanse	Minimòm 44 kredi; Pase 8 egzamen <i>Regents</i> avèk yon nòt 65% oswa plis (1 egzamen ELA, 2 egzamen Matematik, 1 egzamen Istwa jeneral, 1 egzamen Istwa & Gouvènman Etazini, 2 egzamen Syans, 1 egzamen yon Lang ki pa anglè)	pwogram kolèj/inivèsite pou 4 ane; djòb konpetitif, sèvis militè
Regents	Minimòm 44 kredi; Pase 5 egzamen <i>Regents</i> avèk yon nòt 65% oswa plis (1 egzamen ELA, 1 egzamen Matematik, 1 egzamen Istwa jeneral, 1 egzamen Istwa & Gouvènman Etazini, 1 egzamen Syans)	Pwogram kolèj/inivèsite pou 4 ane; djòb konpetitif, sèvis militè
Lokal	Minimòm 44 kredi; Pase 5 egzamen <i>Regents</i> avèk yon nòt 55% oswa plis (1 egzamen ELA, 1 egzamen Istwa jeneral, 1 egzamen Istwa & Gouvènman Etazini, 1 egzamen Syans) oswa 6 egzamen ekivalan <i>Regents Competency Test</i> (RCT) (1 egzamen Lekti, 1 egzamen Redaksyon, 1 egzamen Matematik, 1 egzamen Istwa jeneral, 1 egzamen Istwa & Gouvènman Etazini, 1 egzamen Syans)	Pwogram kolèj/inivèsite pou 4 ane; djòb konpetitif, sèvis militè
IEP	Atenn objektif edikatif yo presize nan IEP li a	Yo pa aksepte l pou kèk kategori travay, kolèj oswa sèvis militè

AKSE POU MOUN KI GEN LIMITE NAN DEPLASMAN

Yon lokal ki gen aksè pou chèz woulant se yon lokal kote pa gen okenn obstak onivo konstriksyon oswa kote yo retire yo pou pèmèt elèv ki gen kapasite limite pou deplase gen aksè nan pwogram ak aktivite yo. Gen lokal ki gen aksè total pou chèz woulant ak lokal ki gen aksè limite pou chèz woulant. Yo site lokal sa yo nan Anyè lekòl segondè a.

KISA POU W KONSIDERE

Pandan pwosesis Admisyon nan lekòl segondè, n ap rekòmande pou w konsidere bagay sa yo :

- *Priyorite pou admisyon*: "Priyorite" se premye bagay pou konsidere lè w ap deside site yon lekòl sou aplikasyon an. Chak lekòl gen diferan seri priyorite onivo fason yo deside yon lekòl bon pou yon elèv, ki baze souvan sou kote elèv la abite. Nou site pou chak lekòl Priyorite pou admisyon nan Anyè a sou bò gòch kote nou mete Apèsi sou lekòl la.
- *Priyorite*: Yo gwoupe elèv dapre jan yo satisfè kritè priyorite yo . Lè yo fin plase elèv ki satisfè premye gwoup priyorite a, y ap ofri elèv nan dezyèm gwoup priyorite a plas, depann kantite plas ki disponib.
- *Metòd Admisyon*: Oumenm ak pitit ou a ta dwe konprann metòd admisyon lekòl la. Nou rekòmande pou w site pwogram ki gen divès metòd admisyon.
- *Sèvis Edikasyon espesyal*: Enfòm osijè sèvis edikasyon espesyal ki disponib nan lekòl la. Ou ka jwenn sèvis sa yo nan Anyè lekòl segondè a. Sepandan, sonje, ke lekòl yo mete sou pye nouvo pwogram ak sèvis pou satisfè bezwen elèv chak ane.
- *Popilasyon elèv*: Konbyen elèv ki genyen nan lekòl la? Konbyen elèv ki gen andikap ?

LOT RESOUS

- Anyè Lekòl segondè leta NYC
- Sit wèb ki gen dokiman DOE pibliye : <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High/Publications>